



Pou Piblikasyon Imedya: 08/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE GAYAN “NEW YORK WINE CLASSIC” POU ANE 2018 LA

33yèm Konpetisyon Anyèl La Mete Anfaz sou Diven ak Sidr New York yo

Prim Koup Gouvènè a pou Keuka Spring Vineyards, Gewürztraminer 2017 epi Premye Koup Sidr Gouvènè a Depi Toutan pou “Pioneer Pippin” Kite & String epi Yo Te Nonmen Dr. Konstantin Frank Winery kòm Vinòb Ane a

Finger Lakes Ap Mennen Aktyèlman nan [Sondaj USA Today](#) yo pou Pi Bon Rejyon Diven, Li Ankouraje Moun New York yo Vote Jiska 20 Dawout

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gayan 33^{yèm} “New York Wine Classic”, yon konpetisyon ki selèb onivo nasyonal ki mete aksan sou pi bon diven ak sidr New York yo. Ane sa, Koup Gouvènè a (Governor's Cup), ki se prim ke yo pi estime a ke yo te bay nan Classic lan, te atribiye bay Keuka Spring Vineyards, Gewürztraminer 2017 ki soti nan rejyon Finger Lakes lan. Premye Koup Sidr Gouvènè a depi toutan te atribiye bay sidr “Pioneer Pippin” Kite & String lan. An plis, Dr. Konstantin Frank Winery ki soti nan rejyon Finger Lakes lan te resevwa prim “Vinòb Ane a (Winery of the Year)”. Anons Gouvènè a de Koup Gouvènè a ap kowenside ak yon [sondaj USA Today](#) aktyèl ki te gen Finger Lakes ki ap mennen kòm pi bon rejyon diven nan peyi a.

“Vinòb ak sidri New York ki gen renonmen mondyal yo pa enferyè a okenn lòt epi yo ede atire touris, ranfòse ekonomi lokal yo epi kreye travay atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York Wine Classic anyèl lan ap selebre epi rekonèt pi bon pami pi bon yo ki nan endistri bwason atizanal nou an, epi mwen felisite venkè yo epi ankouraje sila yo ki enterese eseye pwodwi klas mondyal sa yo pou tèt pa yo.”

“New York se lakay kèk nan pi bon vinòb ak sidri yo, epi konpetisyon sa mete aksan sou anpil bwason atizanal yo ke pwodiktyè lokal nou yo gen pou ofri”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Atravè investisman eta a nan endistri bwason atizanal la, nou ap asire ke pwodiktyè yo gen sipò pou ka kontinye devlope epi jwenn reyisit.”

“Classic” la se ekivalan “Oska” (The Oscars) yo, nan kad konpetisyon nan New York. New York Wine & Grape Foundation òganize Classic la e li ouvè pou plis pase 440 antrepriz vinikòl nan Eta New York. Konpetisyon ane sa te gen ladan 924 kandida endividyèl: 853 diven ak 71 sidr fò New York yo ki soti atravè eta a.

Samuel Filler, Direktè Egzekitif New York Wine & Grape Foundation, di konsa, “Nou kontan pou nou devwale rezilta New York Wine Classic 2018 lan. Konpetisyon ane sa te akeyi yon nouvo non, nouvo logo, yon seri jij ekspè ki enpresyonan ki soti atravè peyi a, menm jan ak 924 patisipasyon ofisyèl. Antisipasyon alantou lis venkè nou yo li palpab, pliske vinòb ak konsomatè yo konnen ke yon gwo prim nan ‘Classic’ lan vle di lavant rapid pou diven sa a. New York Wine & Grape Foundation lan pral anbake nan yon pwomosyon venkè yo pandan tout ane a, sa ki pi bon ke New York gen pou ofri, nan aktivite espesyal atravè Eta a ak peyi a. Yo pral òganize klas espesyal yo ki gen ladan diven sa yo nan Gwo Fwar Eta New York lan (Great New York State Fair) kòmanse apati dat 22 Dawout 2018 nan Syracuse”.

Jenn Smith, Direktris Egzekitif Asosyasyon Sidr New York (New York Cider Association), te deklare, “Ak yon tradisyon pwodiksyon fwi istorik, tèren agrikòl ki favorab, patèn klimatik ak pou metewo yo pou pòm ki ap devlope, ak kominote ekspè bwason atizanal nou yo, se pa yon sipriz ke sidr New York lan te jwenn rekonesans pou kalite siperyè li. Nou rekonesans anvè New York Wine Classic poutèt yo ap travay ansanm ak nou pou enkli kategori ki ap reflekte divèsite sidr ke yo ap pwodwi nan New York epi kominike langaj pataje endistri sidr nasyonal la, ki an konsekans ap ede nou klere yon limyè sou ekselans sidr New York”.

Pwopriyetè Keuka Spring Vineyards lan Len Wiltberger te deklare, “Nou absoliman kontan epi onore pou resevwa prim sa a. Nan Keuka Spring, nou te toujou kwè nan Gewürztraminer kòm yon rezen siperyè pou rejyon sa. Li pèfèkman adapte pou klima sa epi li pwodwi yon modèl diven ki reyèlman inik nan Finger Lakes. Se poutèt sa nou pwodwi twa Gewürztraminer diferan, youn ki se yon melanj rejyonal ak de ki ekspoze espas vinòb yo ki demontre kalite espesyal yo. Gewürztraminer se yon gwo pati nan sa ke nou ap fè ak kilès nou ye, epi nou espere ke prim sa a ap briye yon limyè sou reyalyte ki monte ke li bezwen santral nan diskisyon sou sa ke New York fè pi byen”.

Melissa Madden, ki se Ko-Pwopriyetè Kite & String Cider, te deklare, “Bon jan sidr yo kòmanse ak bon jan fwi, epi pa nou yo fèt ak pòm inik ki ap devlope nan fwitye Finger Lakes yo ak pwòp Good Life Farm nou an. Nou fyè anpil pou nou ranpòte Koup Sidr Gouvènè a, epi nou te jwenn enèji gras a potansyèl ke fwitye òganik byodivès yo ap bay sidr New York yo”.

Prezidan Dr. Konstantin Frank Winery an Fred Frank te deklare, “Nou kontan anpil pou nou resevwa prim Vinòb Ane a nan New York Wine Classic lan. Nou santi ke li se yon prèv pou ekip la ki isit la nan Dr. Konstantin Frank ak gwo seri kalite diven ke nou pwodwi yo. Se yon onè mèveye”.

Yo te atribye yon total 40 Meday Doub Lò, 49 Lò, 324 Ajan, ak 334 Bwonz.

Nouvo ane sa a, an plis de pi gwo prim yo te atribiye a, Koup Sidr Gouvènè a, te genyen twa kategori pou jijman sidr ane sa: Pi Bon Sidr Modèn (Best Modern Cider), Pi Bon Sidr Espesyalite (Best Specialty Cider), ak Pi Bon Sidr Eritaj (Best Heritage Cider). “Baldwin SVC 2015” Angry Orchard lan te ranpòte prim Pi Bon Sidr Modèn; “Cane Mutiny, Red Apple Bombshell” Three Brothers Wineries & Estates lan te ranpòte prim Pi Bon Sidr Espesyalite; epi “Pioneer Pippin” Kite & String lan te ranpòte prim Pi Bon Sidr Eritaj lan ki sou wout pou finalman ranpòte Koup Sidr Gouvènè 2018 lan.

Gouvènè a te anonse tou venkè "Pi Bon Kategori" (Best of Category) ak "Pi Bon Klas" (Best of Class) sa yo pou diven:

Gayan "Pi Bon Kategori" yo:

Pi bon Diven Sparkling
Sparkling Pointe Vineyards & Winery, Brut Seduction Méthode Champenoise 2008

Pi bon Diven Blan
Keuka Spring Vineyards, Gewürztraminer 2017

Pi Bon Diven Woz
Sheldrake Point, Dry Rosé 2017

Pi bon Diven wouj
Dr. Konstantin Frank Winery, Blaüfrankisch 2016

Pi bon desè Diven
Brotherhood Winery, Late Harvest Riesling 2017

Prim "Pi Bon Klas" yo te ale jwenn diven Doub Meday Lò oubyen meday Lò nan kategori sèt diven omwen:

Pi bon Oaked Chardonnay
Macari Vineyards, Chardonnay Reserve 2015

Pi bon Unoaked Chardonnay
Osmote Wines, Cayuga Lake Chardonnay 2017

Pi bon Chardonnay anjeneral
Osmote Wines, Cayuga Lake Chardonnay 2017

Pi bon Gewürztraminer
Keuka Spring Vineyards, Gewürztraminer 2017

Pi bon diven rezen sèk
Heron Hill Winery, Riesling Reserve 2016

Pi bon rezen sèk mwayen
Hosmer Winery, Release Riesling 2016 Ki Limite

Pi bon rezen dous mwayen
Boundary Breaks, Riesling Reserve 2017 #198

Pi bon rezen dous
Fox Run Vineyards, Lo 11 Lake Dana Riesling 2016

Pi bon rezen anjeneral
Hosmer Winery, Release Riesling 2016 Ki Limite

Pi bon Pinot Grigio Gris
Lakewood Vineyards, Pinot Gris 2017

Pi bon Grüner Veltliner
Hazlitt 1852 Vineyards, Grüner Veltliner 2014

Pi Bon Melanj Vinifera Blan
Atwater Estate Vineyards, Riewurz 2016

Pi bon Traminette
Thirsty Owl Wine Company, Traminette 2016

Pi Bon Roze
Sheldrake Point Winery, Dry Rosé 2017

Pi Bon "Blush"
Owera Vineyards, Cazenovia Blush 2017

Pi bon Cabernet Sauvignon
Brotherhood Winery, Icon Cabernet Sauvignon New York 2015, Sèl Vinòb

Pi bon Merlot
Brotherhood Winery, Icon Merlot New York 2014, Sèl Vinòb

Pi bon Pinot Noir
Winery of Ellicottville, Pinot Noir 2016

Pi bon Cabernet Franc
Heron Hill Winery, Cabernet Franc Klasik 2016

Pi Bon Lemberger/Blaufrankisch
Dr. Konstantin Frank, Blaufrankisch 2016

Pi Bon Syrah
Harbes Vineyard, Syrah 2014

Pi Bon Vinifera Blend Wouj
Harbes Vineyard, Blend Wouj 2014, Proprietor's Reserve

Pi Bon Varyete Wouj Hybrid
Vineyard View Winery, Marquette 2016

Pi Bon Diven Late Harvest (Vandanj)
Brotherhood Winery, Late Harvest Riesling 2017

Pi bon diven glas
Hunt Country Vineyards, Vidal Blanc Ice Wine 2016

Pi Bon Vinifera Mouse Blan
Sparkling Pointe Vineyards & Winery, Brut Seduction Méthode Champenoise 2008

Komisè Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, “New York Wine Classic se yon opòtinite ekstrayòdinè pou nou ka leve vè nou anlè pou non sèlman vinòb ak sidri yo ki pami pi bon yo nan mond lan, men tou pou kominote agrikòl nou an ki ap kiltive bon jan kalite pwodwi ke yo te itilize pou kreye varyete inik sa yo. Mwen felisite tout venkè yo poutèt inovasyon ak devouman yo nan bon jan kalite, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li pou pwodiktè bwason atizanal nou yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, “Vinòb ak sidri yo se gwo biznis pou Eta New York, ki ap sipòte travay, ankouraje touris epi itilize pwodwi ke fèmme nou yo te kiltive. New York Wine Classic pèmèt nou ekspoze sa ki pi bon ke eta nou an gen pou ofri, epi mwen felisite tout venkè yo pou ane sa a”.

Prezidan Otorite Likè Eta New York (New York State Liquor Authority), Vincent Bradley, te deklare, “Vinòb ak sidri Eta New York yo kontinye jwenn rekonesans nasyonal nan pwodwi kèk nan pi bon diven ak sidri yo ki nan mond nan. New York Wine Classic anyèl lan se yon gwo fason pou nou selebre jan endistri ki ap boujonnen sa a rive lwen ak enpak imans li ap genyen sou ekonomi eta nou an”.

Yon lis [rezilta](#) konplè yo nan Classic 2018 lan pral disponib demen.

An plis de resevwa meday, yo pral bay venkè Koup Gouvènè, Vinòb Ane a, kategori Concord Brandy, Pi Bon Diven Wouj, Pi Bon Diven Blan, Pi Bon Diven Woz, Pi Bon Diven Gazez ak Pi Bon Diven Desè yo yon pake kolateral pou komèsyalizasyon ki gen entansyon ede pwomouvwa diven yo pandan tout ane a.

New York Wine & Grape Foundation pral gen ladan tou venkè Koup Gouvènè a, Vinòb Ane a ak kategori diven Concord Grape Brandy nan yon pakèt seri aktivite pandan ane a, ki gen ladan yo Seminè Degistasyon Gwo Fwar Eta New York lan, yon dine VIP nan NY Kitchen, ekspozisyon domestik ak entènasyonal ak lòt resepsyon yo.

Depi li monte sou pouvwa, Gouvènè Cuomo alatèt jefò pou modènize endistri bwason atizanal New York la, epitou li trase chemen pou yon kwasans san parèy gras a nouvo lejislasyon, refòm regilatwa, inisyativ san presedan e kanpay pwomosyon. Jodi a, genyen 440 vinòb ki gen lisans ak 66 sidri ki gen lisans yo atravè Eta a, ki gen pami yo 350 vinòb fèm yo ak 41 sidri fèm yo. An plis 85 vinòb fèm yo ak ywit sidri fèm yo te ouvri sal degistasyon ki pa sou plas yo atravè eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)